# Saak

## 1

### Saak mu ngi ñaax mbokki gëmkat yi ngir ñu am kóolute ci Yàlla ci waxtu yi nattu yi di ñëw

[1] Man Saak di jaamu Yàlla ak Boroom bi Yeesu Almasi bi, maa leen
di nuyu, yeen fukki giir ak ñaar yi tasaaroo ci àddina si yépp.
[2] Mbokk yi, su ngeen di dund nattu, ak xeet bu mu mën di doon,
àndleen ak mbégte, [3] ndaxte xam ngeen ne seen nattu ngëm mooy
jur seen dëgër-dëgërlu. [4] Kon, na seen dëgër-dëgërlu mat sëkk ngir
ngeen mat ci lépp te baña ñàkk dara. [5] Bu kenn ci yeen ñàkkee xel
mu rafet, na ko ñaan Yàlla, te Yàlla dina ko ko may, ndaxte Yàlla
day may ñépp ak yéwén te du sikk kenn. [6] Waaye na ko ñaan ak
ngëm te baña am benn sikki-sàkka, ndaxte ku am sikki-sàkka day
mel ni ndoxu géej bu ngelaw bi di yékkëti ci wet bu nekk. [7] Nit ku
mel noonu warul yaakaar jot dara ci Boroom bi, [8] ndaxte xel ñaar la
am, te wóoluwul dara ci lépp li muy def.
[9] Na mbokk bi néew doole tiitaru ci ni ko Yàlla di yékkëtee, [10] te
boroom alal bi, ci ni ko Yàlla di suufeel, ndaxte moom dina weesu
ni tóor-tóoru ñax. [11] Jant bi fenk, naaj bi tàng jérr, wowal ñax mi,
tóor-tóor bi daanu te rafetaayam dem. Noonu lay mel ci boroom
alal bi: dina réer ci biir ay jëfam.
[12] Barkeel na nit ki dëgër-dëgërlu ci nattu yi, ndaxte gannaaw bi
mu taxawee temm, dina jot dund gi, di neexal bi Yàlla dig ñi ko
bëgg. [13] Nit, bu ko xelam xiiree ci lu bon, bu mu wax ne: «Yàlla moo
ma ci xiir». Ndaxte lu bon mënula xiir Yàlla te moom ci boppam du
xiir kenn ci lu bon. [14] Waaye ku nekk, bëgg-bëggam yu bon ñoo koy
xiir di ko nax, [15] te bëgg-bëgg yu bon yooyu, mooy ëmb ba jur

bàkkaar, te bàkkaar bu màggee mooy jur dee.
[16] Yeen mbokk yi ma bëgg, buleen nax seen bopp ci lii: [17] bépp may
bu baax te mat ci asamaan la jóge. Yàlla, di Baay bi sàkk leer yi,
moo leen wàcce. Moom du soppeeku bay am takkandeer. [18] Ci
coobare boppam may na nu dund bu bees bi ci kàddoom bu dëggu,
ngir nu mel ni meññeef bu jëkk ci lépp li mu sàkk.

### Nanuy déglu tey jëfe Kàddu Yàlla gi

[19] Mbokk yi ma bëgg, bàyyileen xel ci lii: nit ku nekk war na gaaw
ci déglu, yéexa wax, te yéexa mer, [20] ndaxte meru nit du jur lu jub ci
kanamu Yàlla. [21] Kon nag génneleen ci seen xol lépp li ciy sobe ak
lépp lu bon, te ngeen nangu ak suufeelu kàddu gi Yàlla ji ci seen
xol, ndaxte mën na leen musal.
[22] Deeleen jëfe kàddu gi. Képp ku koy déglu rekk, mu ngi nax
boppam. [23] Ndaxte kiy déglu kàddu gi rekk te du ko jëfe, day mel ni
nit kuy xool kanamam ci seetu. [24] Bu xoolee kanamam ba noppi, mu
dem te fàtte ci saa si ni mu mel. [25] Waaye kiy bàyyi xel te takku ci
yoon bu mat, bi mëna goreel ku koy topp, te du yem rekk ci déglu
te fàtte waaye da koy jëfe, nit kooku la Yàlla di barkeel ci lu muy
def.
[26] Bu nit yaakaaree ne am na diine te téyewul làmmiñam, mu ngi
nax boppam. Diine boobu du dara. [27] Diine bu dëggu te set ci
kanamu Yàlla Baay bi mooy lii: jàppale jirim yi ak jigéen ñi ñàkk
seen jëkkër ci seen naqar, te moytu sobey àddina si yépp.

## 2

### Ki gëm warul di gënatle

[1] Mbokk yi, ngëm gi ngeen am ci sunu Boroom bi ñuy màggal, di
Yeesu Almasi bi, warul ànd ak gënatle ci seen biir. [2] Su fekkee ne
dafa am benn waay bu ñëw ci seen ndaje, mu sol jaaro wurus ak

yére yu rafet; mu am keneen ku néew doole, sol yére yu tilim,
duggsi moom itam; [3] ngeen jox cér bu mag boroom yére yu rafet yi
te ngeen ne ko: «Kaay toog ci toogukaay bu féete ci kanam,» te
ngeen wax néew di doole bi: «Taxawal fee» walla «Toogal ci suuf, ci
samay tànk.» [4] Su ngeen jëfe noonu, yeena ngi gënatle ci seen biir,
te seen àtte mu ngi jóge ci seen xel yu ñaaw.

[5] Yeen samay mbokk yi ma bëgg, dégluleen: ndax Yàlla tànnul ñi
néew doole ci àddina si, ngir ñu am ngëm gu réy te ñu donn nguur
gi Yàlla digoon ñi ko bëgg? [6] Waaye yeen, yeena ngi toroxal ku
néew doole ki. Xanaa du boroom alal yi ñoo leen di noot te di leen
yóbbu ci kanamu àttekaay yi? [7] Xanaa du ñoom ñooy wax lu ñaaw
tur bu rafet bi ngeen di wuyoo?

[8] Yoonu nguuru Yàlla ci Mbind mi wax na ne: «Nanga bëgg sa
moroom ni nga bëgge sa bopp.» Su ngeen jëfee noonu, def ngeen lu
baax. [9] Waaye su ngeen di gënatle nit ñi, bàkkaar ngeen te yoonu
Yàlla bi dina leen daan, ndaxte déggalooleen ko. [10] Ndaxte ku
déggal yoon bi yépp ba mu des benn ndigal rekk, moy nga yoon bi
yépp. [11] Ndaxte ki wax «bul njaaloo» moo wax tamit «bul rey nit».
Su fekkee nag njaaloowoo waaye rey nga nit, moy nga yoon bi.
[12] Waxleen tey jëfe, mel ni nit ñi ñu nara àtte ci yoon biy goreel,
[13] ndaxte àtte Yàlla du ànd ak yërmande ci ku dul yërëm
moroomam. Yërmande moo am ndam ci kaw àtte.

### Ngëm bu ànd ak jëf

[14] Mbokk yi, bu nit waxee ne: «Am naa ngëm,» te wonewu ko ci ay
jëfam, lan lay jériñ? Ndax googu ngëm mën na ko musal? [15] Su amee
mbokk bu góor walla bu jigéen bu rafle yére te amul lu muy dunde
bés bu nekk, [16] te kenn ci yeen wax ko ne: «Demal ci jàmm, nga sol
sa yére, te nga lekk ba regg.» Bu ngeen ko waxee loolu te fajuleen
soxlaam, loolu lu muy jériñ? [17] Noonu la ngëm gi mel: su àndul ak

jëf, dee na.
[18] Waaye kenn dina wax ne moo am ngëm te man maa am ay jëf.
Bu booba dinaa ko tontu ne: «Won ma sa ngëm gu àndul ak ay jëf te
man dinaa la won sama ngëm jaarale ko ci samay jëf.» [19] Ndax gëm
nga ne Yàlla kenn la? Lu baax la! Rab yi sax gëm nañu loolu bay lox.
[20] Nit ku ñàkk xel ki, ndax danga bëgga am firnde buy wone ne
ngëm gu àndul ak ay jëf jériñul dara? [21] Sunu maam Ibraayma naka
la ko Yàlla àtte ni nit ku jub? Ci ay jëfam, bi mu joxee doomam
Isaaxa ni sarax ci saraxlukaay bi. [22] Kon gis nga ne ngëmam day
feeñ ci ay jëfam te noonu ngëmam mat na jaarale ko ci ay jëfam.
[23] Noonu mat na, li Mbind mi wax ne: *«Ibraayma gëm na Yàlla te Yàlla
àtte na ko ni nit ku jub,»* te ñu woowe ko xaritu Yàlla. [24] Kon nag gis
ngeen ne, Yàlla day àtte nit, ni ku jub ndax ay jëfam, waaye du rekk
ndax ngëmam. [25] Noonu la mel tamit ak Raxab jigéen ju doon jaay
yaramam. Yàlla àtte woon na ko ni nit ku jub ndax ay jëfam, bi mu
dalalee ndawu Yawut yi te dimbale leen, jaarloo leen beneen yoon
ba ñu rëcc. [26] Noonu, yaram bu amul ruu, dee na. Noonu tamit la
mel ngëm gu àndul ak ay jëf, dee na.

# 3

## Ki gëm dafa wara téye làmmiñam

[1] Mbokk yi, bu ñu bari ci yeen wuta nekk jàngalekatu mbooloo ñi
gëm, ndaxte xam ngeen ne nun, jàngalekat yi, sunu àtte mooy gëna
metti bu ñeneen ñi. [2] Ndaxte nun ñépp danuy juum ci anam yu bari.
Ki dul juum ci ay waxam, kooku, nit ku mat sëkk la, te mën na noot
yaramam bi yépp. [3] Danuy laxaab fas ngir mu déggal nu, te noonu
dinanu mëna yóbbu fi nu bëgg jëmmam bi yépp. [4] Xoolleen gaal yi
ak lu ñu réy-réy te ngelaw bu am doole di leen yóbbu, terewul
dawalkat bi da leen di yóbbu fu ko neex ak weñ bu tuuti. [5] Noonu

tamit làmmiñ cér bu tuuti la ci yaramu nit, waaye day bàkkoo ay jëf
yu réy. Xoolleen ni taal bu tuuti mëna lakke àll bu yaatu. 6 Làmmiñ
tamit taal la, dafa fees dell ak mbon, bokk ci sunuy céru yaram tey
tilimal sunu yaram bi yépp. Mu ngi taal sunu àddina si yépp ak xal
bu jóge ci safara. 7 Nit mën na noot xeetu mala yépp ngir ñu déggal
ko: muy rabu àll yi, picc yi, yiy raam ak yi ci géej gi; te noot na leen.
8 Waaye kenn mënula noot làmmiñ: musiba la bu dul dal mukk te
fees ak daŋar buy rey. 9 Làmmiñ lanuy sante Boroom bi di sunu
Baay, te tamit moom lanuy móoloo nit ñi Yàlla sàkk ci
melokaanam. 10 Ci benn gémmiñ la kàdduy cant ak kàdduy móolu di
génne. Mbokk yi, warul deme noonu. 11 Ndax benn bëtu ndox mën
na génne ndox mu neex ak ndox mu naqari? 12 Samay mbokk, ndax
garabu gaŋ mën na jur oliw? Ndax garabu reseñ mën na jur gaŋ?
Bëtu ndox mu saf xorom mënula génne ndox mu neex.

## Xel mu rafet mi jóge ci asamaan

13 Kan ci yeen moo am xel mu rafet te am xam-xam? Na ko wone ci
dundinam bu baax, maanaam ci ay jëfam yi mu matal ak suufeelu
bu jóge ci xel mu rafet. 14 Waaye su ngeen amee xol bu wex xàtt ak
iñaan ak xëccoo, buleen ci bàkku te buleen fen di weddi dëgg. 15 Lu
mel noonu du xel mu rafet mu jóge ci asamaan waaye yëfu àddina
la, yëfu nit la, mu ngi jóge ci Seytaane. 16 Ndaxte fi iñaan ak xëccoo
nekk, foofu la jaxasoo nekk tamit ak bépp jëfu ñaawteef. 17 Waaye
xel mu rafet mi jóge ci asamaan dafa set ba noppi, ànd ak jàmm,
woyof, dal, fees ak yërmande, tey jur ay jëf yu baax. Du gënatle nit
ñi te du naaféq. 18 Nit ki bëgg jàmm ci li ko wër day ji jàmm tey góob
meññeefu njubte.

# 4

## Yàlla nanguwul ñiy réy-réylu

1 Fan la xeex yi ak xuloo yi ci seen biir di jóge? Ñu ngi jóge ci seen
bëgg-bëggu bakkan yiy xeex ci yeen. 2 Dangeen di xemmem dara te
dungeen ci jot, te jaral na leen ngeen di rey; yeena ngi wut ak
iñaan, te mënuleen am. Dangeen di xeex ak di xuloo. Amuleen li
ngeen bëgg, ndaxte ñaanuleen ko Yàlla. 3 Te bu ngeen di ñaan,
dungeen jot ndaxte li leen ci xiir moo baaxul: li ngeen ci jublu
mooy seen bëgg-bëggu bakkan. 4 Yeen ñii di moy Yàlla! Ndax
xamuleen ne xaritoo ak àddina si mooy noonoo ak Yàlla? Ki bëgga
xaritoo ak àddina si, day nekk noonu Yàlla. 5 Ndax xalaat ngeen ne,
ci neen la Mbind mi wax ne: «Yàlla dafa bëgg Xel mi mu def ci nun
ba di ko fiire»? 6 Waaye Yàlla may na nu yiw bu gëna mag. Looloo
tax Mbind mi wax na ne: *«Yàlla nanguwul ñiy réy-réylu waaye day may
yiwam ñiy suufeelu.»* 7 Kon nag, jébbaluleen ci Yàlla. Bañleen di
nangul Seytaane, te dina daw, sori leen. 8 Jegeleen Yàlla te dina leen
jege. Yeen bàkkaarkat yi, raxasleen seeni loxo! Te yeen naaféq yi,
setalleen seeni xol! 9 Nekkleen ci tiis tey naqarlu bay jooy. Na seen
ree soppeeku nekk jooy te seen mbégte soppeeku nekk tiis.
10 Suufeeluleen ci kanamu Boroom bi te dina leen yékkëti.

## Buleen àtte seen moroom

11 Mbokk yi, buleen di wax lu bon ci seen moroom. Kiy wax lu bon
ci moroomam walla di ko àtte, day wax lu bon ci yoon bi te di ko
àtte. Te boo àttee yoon bi nekkatoo ki koy déggal, waaye yaay ki
koy àtte. 12 Yàlla rekk mooy ki tëral yoon bi te mooy àttekat bi.
Moom rekk moo mëna musal nit te moo mëna sànk nit. Yaw nag,
yaay kan bay àtte sa moroom?

### Buleen doyloo seen bopp

[13] Léegi nag, dégluleen yeen ñiy wax ne: «Tey walla suba dinanu
dem ci benn dëkk, dinanu fa am at, di jaay ba am ci xaalis.»
[14] Moona xamuleen li seen dund di nekk ëllëg. Dangeen mel ni lay
bu ndaw buy feeñ ab diir bu gàtt ba noppi wàcc. [15] Waaye lii ngeen
wara wax: «Su neexee Boroom bi, dinanu dund te dinanu def lii
walla lale.» [16] Waaye yeena ngi wonewu tey réy-réylu, te bépp
wonewu bu mel noonu lu bon la. [17] Kon nag, ku xam lu baax li mu
wara def te defu ko bàkkaar na.

## 5

### Saak artu boroom alal yiy noot néew di doole yi

[1] Léegi nag, dégluleen yeen boroom alal yi. Jooyleen te di naqarlu
ndax musiba yi leen nara dal. [2] Seen alal nëb na te seen yére, max yi
lekk nañu ko. [3] Seen wurus ak seen xaalis xomaag nañu, te xomaag
boobu dina seede seen réer te lakk seen yaram ni xal. Yeena ngi
dajale alal ci bés yu mujj yi. [4] Feyooleen peyoor bi war liggéeykat yi
doon góob seen tool, ba tax góobkat yi di ñaxtu te seen yuuxu dem
na ba ci noppu Yàlla miy Boroom gàngoori xare. [5] Dund ngeen ci
suuf si ci barile ak bànneex. Yafal ngeen seen bopp mel ni ay jur
yuy xaar bés bi ñu leen di rendi. [6] Daan ngeen ku jub ki, rey ko, te
moom bañul.

### Dëgër-dëgërlu ci biir coono

[7] Kon nag mbokk yi, muñleen ba keroog Boroom bi di ñëw.
Xoolleen ni beykat bi di xaare meññeef bu baax ci suuf si. Moom
day muñ ba taw yu jëkk yi ak yu mujj yi wàcc. [8] Yeen itam muñleen
te dëgër-dëgërlu ndaxte ñëwu Boroom bi jegesi na. [9] Mbokk yi,
buleen jàmbat ci seen biir ngir bañ Yàlla àtte leen. Xoolleen àttekat

bi mu ngi taxaw sax ci bunt bi. [10] Mbokk yi, xoolleen ci yonent yi
doon wax ci turu Boroom bi. Nañu nekk seen royukaayu muñ ci biir
coono. [11] Xamleen ne, ñiy dëgër-dëgërlu, ñu barkeel lañu. Dégg
ngeen naka la Ayóoba doon dëgër-dëgërloo te gis ngeen li ko
Boroom bi may ci mujjantal ba. Ndaxte Boroom bi dafa fees ak
mbaax ak yërmande. [12] Bala lépp, mbokk yi, buleen waat: muy ci
asamaan, ci suuf si, mbaa ci lu mu mën di doon. Na seen waaw nekk
waaw; seen déet nekk déet; ngir ngeen baña daanu ci àtte Yàlla.

## Ñaan bu ànd ak ngëm

[13] Bu amee ci yeen ku nekk ci coono, na ñaan. Bu amee ku nekk ci
mbégte, na sant Boroom bi ak ay woy. [14] Bu kenn ci yeen feebaree,
na woo njiiti mbooloo ñi gëm; dinañu ko ñaanal te sotti ko diw ci
turu Boroom bi. [15] Ndaxte ñaan bu ànd ak ngëm dina musal ki
feebar ba Boroom bi wéral ko. Su fekkee ne dafa bàkkaar, mu baal
ko. [16] Na ku nekk wax moroomam bàkkaar yi mu def, te ku nekk
ñaanal moroomam ngir ngeen am wér. Ndaxte su nit ku jub ñaanee
ak takkute, ñaanam dina nangu. [17] Ilyaas nit la woon ni nun. Bi mu
ñaanee ak takkute ngir mu baña taw, benn taw daanuwul ci suuf si
lu tollu ci ñetti at ak genn-wàll. [18] Gannaaw loolu mu ñaanaat, te
mu taw ba suuf si sax ay meññeef.

## Dimbalanteleen ci ngëm gi

[19] Mbokk yi, bu kenn ci yeen soree yoonu dëgg bi te keneen
andiwaat ko, [20] xamleen ne ku jële bàkkaarkat ci yoon bu bon bi mu
jëloon, dina ko musal ci dee te dina muur bàkkaaram yu bari.